

Jwenn yon evalyasyon enèji lakay ou nan men Mass Save® jodi a san sa pa koute w anyen epi dekouvri sa ou kapab fè pou konsome mwens enèji nan kay la pou pwoteje anviwònman an.



### Evalyasyon enèji nan kay

Pran randevou pou yon evalyasyon enèji lakay ou nan men Mass Save san sa pa koute w anyen pou konnen ki fason ou kapab konsome mwens enèji epi pou yo fè yon evalyasyon sekirite sou sistèm chofaj ou ak aparèy ou yo ki fonksyone ak gaz.



### Izolasyon

Aprè evalyasyon enèji nan kay la fèt, ou gendwa kalifye pou yon rabè 75% a 100% pou achte yon sistèm izolasyon pou kay la epi pou enstale sistèm izolasyon sa a. Lè ou izole kay la, ou gendwa depanse mwens kòb pou enèji.



### Fenèt

Ou kapab jwenn yon rabè jis \$75 pou chak fenèt ki gen yon sèl vit ou ranplase lakay ou gras ak rabè Mass Save bay pou fenèt yo.



### Ponp chalè

Ou gendwa kalifye pou yon rabè jis \$16,000 gras ak esponsò Mass Save yo ak yon finansman pou yon to enterè 0% lè ou ranplase sistèm ou yo ak sistèm ki konsome mwens enèji.

**Ale pi lwen  
pase  
pwogram  
Mass Save yo:**

### Pano solè

Kay ou gendwa kalifye pou jwenn pano solè oswa lòt opsyon tankou enèji solè kominotè.

### Kredi rezidansyèl

Sonje pou mete enfòmasyon yo sou fòmilè enpo federal 5695 la pou jwenn rabè fiskal ou.

# KI ENSITASYON AK RABÈ MASS SAVE KI KA DISPONIB POU KAY OU?

Tablo revni\*\* Valid soti 1ye novanm 2023 rive 31 oktòb 2024.

Si w rete nan yon kay pou yon sèl fanmi oswa nan yon bilding ki gen 2 a 4 inite, ou gendwa kalifye pou jwenn rabè ki anba yo pou ranplase sistèm ou yo ak sistèm ki konsome mwens enèji, selon revni fwaye w:

REVNI FWAYE A POU ANE A			
KANTITE MOUN KI NAN FWAYE A	PWOGRAM POU REVNI	ÒF REZIDANSYÈL AMELIORE	ÒF ESTANDA
1	Jiska \$45,392	\$45,393 - \$91,200	\$91,201 oswa plis
2	Jiska \$59,359	\$59,360 - \$104,200	\$104,201 oswa plis
3	Jiska \$73,326	\$73,327- \$117,250	\$117,251 oswa plis
4	Jiska \$87,294	\$87,295 - \$130,250	\$130,251 oswa plis
5	Jiska \$101,261	\$101,262 - \$140,700	\$140,701 oswa plis

\*Si 50% oswa plis nan inite yo nan yon bilding ki gen 1 a 4 inite se fwaye ki gen revni ki pèmèt yo kalifye, se tout bilding nan k ap konsidere tankou yon bilding ki gen revni ki pèmèt li kalifye.

\*\*Èske tablo a pa mansyone kantite moun ki nan fwaye w? Ale sou: [masssave.com/income](https://masssave.com/income)

ÒF SELON REVNI A			
RANPLASMAN SISTÈM POU KONSOME MWENS ENÈJI	PWOGRAM POU REVNI	ÒF REZIDANSYÈL AMELIORE	ÒF ESTANDA
Enstalasyon sistèm pou anpeche lè a antre soti nan kay la	Sa pa koute anyen	Sa pa koute anyen	Sa pa koute anyen
Aparèy ki konsome mwens enèji ak dlo tankou tèmosta ak tèt douch ki konsome mwens	Sa pa koute anyen (sa gen ladan l anpoul LED)	Sa pa koute anyen	Sa pa koute anyen
Ranplasman ki rekòmande pou izolasyon an	Sa pa koute anyen	Sa pa koute anyen	Rabè 75-100%
Ponp chalè***	Sa pa koute anyen	Rabè jiska \$16,000	Rabè jiska \$10,000
Retrè baryè anvan enstalasyon sistèm izolasyon yo	Sa pa koute anyen	Jiska \$7,000 alavans	Jiska \$5,000 alavans pou inite ki lwe yo nan yon bilding ki gen 2 a 4 inite
Finansman pou ranplasman sistèm ki kalifye nan men yon etablisman ki bay prè ki patisipe	Pa aplikab	0% jiska \$50,000 si yon ponp chalè pral enstale. Sinon, jiska \$25,000.	0% jiska \$50,000 si yon ponp chalè pral enstale. Sinon, jiska \$25,000.

\*\*\* Rabè ki disponib pou ponp chalè yo ka depann de kalite ak dimansyon sistèm yo. Aparèy la dwe fè pati lis pwodui ki kalifye yo epi moun oswa konpayi ki pral enstale l la dwe fè pati rezo enstatatè ponp chalè Mass Save la. Pou ensitasyon ki disponib pou ponp chalè selon revni a, aparèy ki la deja a dwe fonksyone ak mazout, ak pwopàn oswa ak rezistans elektrik. Pou rabè ki disponib pou tout kay la, kay la dwe izole ase anvan enstalasyon an epi sistèm chofaj ki la deja a dwe dekonekte. Rabè pou ponp chalè siperyè Cape Light Compact yo diferan ak montan ki endike a. Ale sou [masssave.com/heatpump](https://masssave.com/heatpump) pou jwenn plis detay.

Ka gen lòt kondisyon pou kalifye ki aplike epi tout òf yo kapab chanje.

[www.masssave.com/everett/ht](https://www.masssave.com/everett/ht) - Mande evalyasyon enèji nan kay ou a jodi a: (617) 765-1414

nationalgrid

